

Tit: <b>Politik Rabè sou Pèman Pèsonèl Geisinger</b>	
Seksyon Chapit Komisyon Miks: <b>1.0 Administratif</b>	Dat politik ORIJINAL la te kreye: <b>16 me 2014</b>
Politik sa a se pou: <b>Jesyon Revni</b>	
Apwobasyon Komite/Konsèy: <b>Komite Finans Geisinger</b>	Dat Apwobasyon KOMITE a: <b>Mwa Jou Ane</b>

**Politik sa a gen youn (1) oswa plizyè PWOSEDI ki met aksan sou metòd ak fason pou aplike Politik sa a.**

**Politik sa a aplikab pou Antite Geisinger sa yo:**

<b>ANTITE KLINIK</b> (san wete antite Geisinger ki bay sèvis swen sante yo, sètadi lopital yo, gwoup pratik yo, klinik yo)	
<input type="checkbox"/> Community Medical Center (CMC oswa GCMC)	<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Lewistown Hospital (GLH)
<input checked="" type="checkbox"/> Endoscopy Center of Geisinger Lewistown Hospital	<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Medical Center (GMC)
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Bloomsburg Hospital (GBH)	<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Medical Center Muncy (GMCM)
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Clinic (GC)	<input type="checkbox"/> Geisinger Pharmacy, LLC
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Community Health Services (GCHS)	<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Wyoming Valley Medical Center (GWV)
<input type="checkbox"/> Geisinger Encompass Health, LLC	<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Surgery Center – Highland Park (OSHP)
<input type="checkbox"/> Geisinger Endoscopy-Montoursville (yon etablisman G-HM)	<input checked="" type="checkbox"/> GMC Outpatient Surgery - Woodbine
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger-HM Joint Venture (G-HM)	<input checked="" type="checkbox"/> GWV Outpatient Surgery - CenterPoint
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Healthplex State College Outpatient Surgery and Endoscopy Center, yon departman nan Geisinger-Lewistown Hospital	<input type="checkbox"/> Marworth
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger Jersey Shore Hospital (GJSH)	<input type="checkbox"/> West Shore Advanced Life Support Services, Inc. (WSALS oswa Geisinger EMS)

<b>ANTITE KI PA KLINIK</b> (san wete antite komèsyal/antrepriz Geisinger ki pa bay sèvis swen sante yo)	
<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger College of Health Sciences (GCHS)	<input checked="" type="checkbox"/> Geisinger System Services (GSS)
<input type="checkbox"/> Geisinger Health (GH oswa GHF)	<input type="checkbox"/> GNJ Physicians Group (GNJ)
<input type="checkbox"/> Geisinger Health Plan (GHP)	<input type="checkbox"/> ISS Solutions, Inc. (ISS)
<input type="checkbox"/> Geisinger Quality Options, Inc. (GQO)	<input type="checkbox"/> Keystone Health Information Exchange, Inc. (KeyHIE)

**OBJEKTIF**

Objektif politik sa a se defini rabè nou bay tout pasyan kalifye ki pa gen asirans epi ki ap resevwa sèvis medikal ki nesèsè yo nan Geisinger.

**MOUN KI KONSÈNE**

Politik sa a aplikab pou Geisinger ansanm ak tout òganizasyon ki se filyal li yo, epi tout pwogram ki gen Geisinger yo.

Ou kapab mande vèsyon politik ki la anvan 15 me 2019 yo lè w kontakte Geisinger Quality & Safety.

Politik, pwosedi, liy direktif, ak pwotokòl Geisinger yo se yon seri enfòmasyon KONFIDANSYÈL epi PROPRIYETÈ, moun pa dwe pibliye andeyò sistèm Geisinger a.

**POLITIK**

Geisinger pran angajman pou ede popilasyon pasyan li yo ki pa gen asirans, epi ki pa kalifye pou jwenn èd sou baz Politik Èd Finansye Geisinger a (Financial Assistance Policy, FAP), lè li ba yo yon rabè sou tarif brit selon tablo ki vin apre a:

Antite	Rabè
Geisinger Medical Center	38%
Geisinger Wyoming Valley	38%
Geisinger Bloomsburg Hospital	38%
Geisinger Community Medical Center	38%
Geisinger Jersey Shore Hospital	38%
Geisinger Medical Center Muncy	38%
Geisinger Lewistown Hospital	50%
Geisinger Clinic	38%
Geisinger Clinic (Orthotics/Durable Medical Equipment w/multiplier)	55%

- Nou ap aplike rabè yo sèlman pou Sèvis Medikal Debaz yo. Politik sa a pa garanti sèvis estetik yo ansanm ak kèk sèvis ki ochwa. Politik rabè sa a pa aplikab pou pasyan Amish/Mennonites yo ki gen pwòp politik rabè pa yo.
- Politik sa a konplètman pataje ak Politik Èd Finansye Geisinger a (Financial Assistance Policy, FAP).
- Politik sa a pa aplikab pou pasyan kote responsabilite yo genyen pou lajan ki ap sot nan pòch yo gen rapò ak aplikasyon yon kotizasyon, ko-asirans epi/oswa franchiz, grasa founisè ki sou kontra.
- Politik sa a pa garanti sèvis vandè/founisè ki deyò yo bay, epi yo dwe voye kesyon ki gen rapò ak rabè yo bay vandè/founisè a dirèkteman (pa egzanp, sant dyaliz pou ren ki sou kontra yo, etablisman pou swen grav alontèm yo).
- Nou p ap voye fakti bay pasyan ki kalifye yo nan tarif brit pou sèvis nou bay yo.
- Nou ap ajiste tarif yo anvan nou jenere yon relve pou faktirasyon nan sistèm faktirasyon ki aplikab la, epi nou ap voye fakti bay pasyan an oswa moun ki bay garanti a, pou balans ki ajiste a.

**DEFINISYON**

**Founisè ki sou Kontra:** Nenpòt moun ki ap peye ki gen yon kontra sou tarif aktyèlman avèk Geisinger, kote yo kapab konsidere oswa pa konsidere Geisinger tankou li "nan rezo" ak moun ki ap peye a, epi kote yo ap aplike alokoasyon sou tarif yo.

**Èd Finansye:** Swen byenfezans. Sèvis swen sante yo bay gratis, oswa nan tarif ki gen rabè, pou moun ki ranpli kritè ki etabli yo.

**Sèvis Medikal Debaz:** Sèvis medikal yo bay nan yon sal dijans; sèvis pou yon pwoblèm, si yo pa trete li, ki ap lakoz yon move chanjman nan eta sante a; sèvis ki pa ochwa yo bay pou jere yon seri sikonstans ki mete lavi yon moun an danje; sèvis ki nesèsè nan domèn medikal yo evalye sou baz yon sèvis ki ochwa epi yo bay pou jere yon seri sikonstans ki mete lavi yon moun an danje; sèvis ki nesèsè nan domèn medikal yo evalye sou yon baz ka-pa-ka selon jan Geisinger vle.

Ou kapab mande vèsyon politik ki la anvan 15 me 2019 yo lè w kontakte Geisinger Quality & Safety.

*Politik, pwosedi, liy direktif, ak pwotokòl Geisinger yo se yon seri enfòmasyon KONFIDANSYÈL epi PROPRIYETÈ, moun pa dwe pibliye andeyò sistèm Geisinger a.*

**Sèvis estetik ki ekskli:** fekondasyon in-vitwo, transplantasyon ògàn solid, transplantasyon mwèl zo epi/oswa rekonstwiksyon dantè estetik.

**Pasyan ki pa Gen Asirans:** Yon moun ki pa gen pwoteksyon sou baz okenn pwogram asirans ki aplikab nan Eta a, gouvènman an, oswa lòt antite.

## RESPONSABILITE

Jesyon Revni an ap administre politik sa a.

## EKIPMAN/FOUNITI

Pa Aplikab

## PWOSEDI

### Kritè pou Kalifikasyon

1. Pasyan ki pa kalifye pou rabè yo sou baz Politik Èd Finansye Geisinger a.
2. Tout pasyan kalifye ki pa gen asirans yo, eksepte pasyan ki ap resevwa pwosedè estetik oswa lòt pwosedè ochwa ki ekskli yo, ap resevwa rabè ki site yo nan tarif brit apre nou fin bay sèvis yo.
3. Nan kad politik sa a, rabè pou moun ki pa gen asirans yo pa aplike pou pasyan ki vin apre yo:
  - a. Pasyan ki klase antanke moun ki pa byen asire.
  - b. Pasyan ki kalifye pou pwogram asirans Eta a, federal oswa lòt antite yo.
  - c. Pasyan Amish ak Mennonite yo (yo bay gwoup moun sa yo yon rabè sou baz Politik Amish ak Mennonite la).
  - d. Pasyan ki gen asirans, epi ki pa t peye montan ko-asirans, kotizasyon, oswa franchiz la apre yon founisè ki sou kontra fin fè yon tretman.

Nenpòt pasyan ki ap resevwa yon rabè paske li pa gen asirans, epi ki te konkli yon aranjman pou pèman, dwe fè efò ak tout bon volonte li pou respekte kontra pèman an, oswa gen risk pou li pa resevwa rabè pou moun ki pa gen asirans lan.

### Liy Direktiv pou Rabè

1. Nou ap bay pasyan nou konfime ki pa gen asirans yo yon bwochi edikatif ki met aksan sou pwèn enpòtan ki gen nan politik rabè pou moun ki pa asire yo.
2. Nou ap anrejistre pasyan yo nan sistèm faktirasyon ki aplikab la, avèk yon kategori finansye pou pèman pèsonèl, sa ki vle di yo kalifye pou resevwa rabè pou moun ki pa gen asirans.
3. Yon PFC kapab ede pasyan ki pa gen asirans yo jwenn Èd Medikal oswa lòt opsyon pwoteksyon ki aplikab (pa egzanz, Cobra, CHIP, oswa nenpòt lòt plan komèsyal oswa gouvènmantal). Pasyan ki pa dispoze mande avantaj ki kalifye yo pa kapab kalifye pou rabè pou moun ki pa gen asirans.
4. Pasyan ki vini avèk pwoteksyon yon lòt antite, epi annapre nou detèmine ki pa gen asirans yo, kapab gen rabè retwo-aktif.
5. Pasyan ki vini avèk pwoteksyon yon lòt antite, epi asirans lan refize tout frè yo, kapab resevwa rabè retwo-aktif la.
6. Montan rabè nou bay la ap afiche sou relve kont pasyan an antanke "Ajisteman Pasyan an".
7. Nou ap egzamine pousantaj rabè a omwen yon (1) fwa chak ane pou konsidere yon modifikasyon.

Ou kapab mande vèsyon politik ki la anvan 15 me 2019 yo lè w kontakte Geisinger Quality & Safety.

*Politik, pwosedè, liy direktif, ak pwotokòl Geisinger yo se yon seri enfòmasyon KONFIDANSYÈL epi PROPRIYÈTÈ, moun pa dwe pibliye andeyò sistèm Geisinger a.*

## Politik

Rabè sou Pèman Pèsonèl Geisinger

Page 4 of 4



### **ATACHMAN**

Pa Aplikab

### **REFERANS**

[Politik Èd Finansye Geisinger](#)

Ou kapab mande vèsyon politik ki la anvan 15 me 2019 yo lè w kontakte Geisinger Quality & Safety.

*Politik, pwosedi, liy direktif, ak pwotokòl Geisinger yo se yon seri enfòmasyon KONFIDANSYÈL epi PROPRIYETÈ, moun pa dwe pibliye andeyò sistèm Geisinger a.*

vèsyon modèl 24.01 (02/01/2024)